# Жол қурыў жумыслары басланды

Нөкис қаласы «Жаңабазар» МПЖ (халық тилинде Қоскөл-4) аймағы мәмлекетимиз басшысы тәрепинен қабыл етилген «2020-2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-4889-санлы қарарында қаладағы аўыр жағдайдағы 6 мәкан пуқаралар жыйынларынан бири сыпатында киригизилип, бүгинги күнде бул аймақта ишки жолларды абаданластырыў жумыслары әмелге асырылмақта.

Image not found or type unknown

Аймақта жайласқан 45-санлы улыўма орта билим бериў мектеби 700 ден аслам балаларға илим-билим сырларын үйретип келмекте. Бирақ оған барып-келиў ушын мектепке жақын аймақтан қосымша жолға зәрүрлик бар еди. ПҚ-4889-санлы қарарға көре, Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен қаржы ажыратылып, қосымша жол ушын аймақты тегислеў жумыслары баслап жиберилди. Бул жумыслар жолға ЩПС төсеў менен тез арада жуўмақланады. Қурылыс жумыслары жуўмақланғаннан соң қосымша мағлыўмат бериледи.

Image not found or type unknown

Нөкис қаласы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети